

REGINIPOEN LENGGANAN  
SWARA - TAMA :

Table with 2 columns: Quantity and Price. 1 taoen f 6,-, 1/2 taoen f 3,-, 3 woelan f 1,50. Includes note 'Kénging mbajar saben woelan'.

RAGAD ADVERTENTIE :

Table with 2 columns: Quantity and Price. 1 katja f 36,-, 1/2 katja f 18,65, 1/4 katja f 9,75, 1/8 katja f 5,25. Includes note 'Saladjengipoen : saben 1 cm² f 0,03; sekedik - kedikipoen : f 1,50.'

Kabar premili alit - alitan : f 1,-  
Moendoet kapatak langkoeng saking sapi-  
san, oetawi dados lengganan, tepang rembag  
roemijin kalijan administratie.

# SWARA-TAMA

## SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemowah.

Hoofdredacteur :

A. DJAJASEPOETRA.  
Kabantoe  
REDACTIE - COMMISSIE.

Adrèsipoen Redactie lan Administratie

IGNATIUS-COLLEGE

DJOKJAKARTA  
Telefoon no. 795.

Drukkerij „Canisius” Djokja.

### PAOS LANDRENTE. KAOEM TANI BENTAJANGAN.

Wontenipoen djaman malaise, kénging koela wastani tijang saloemahing djagad sakoerebing langit, ngraosaken pait getiripoen, mila koela boten badé ngatoeraken kataba-kataba, kados poendi gara-garaning djaman poenika, tjekak aos saben tijang ketaman. Mloroting reregèn woeloe-wedaling siti, sanget damel kapitoenanipoen kantja tani. Bab poenika semoenipoen ingkang wadjab inggih boten kekilapan, katanda: papepatan Raad kawoela moetoes soewakipoen paos landrente.

Negari oegi sampoen matah commissie kalih golongan, inggih poenika saking prijantoe B.B. bangsa Wlandi lan B. B. bangsa Priboemi, ndikakaken mriksa (matitisaken) kados poendi kawontenanipoen para sadèrèk tani. Nanging manoeet S. Katholiek no. 28 andaranipoen sadèrèk A.J.S. angsal-angsalanipoen commissie waoe dèrèng saged kandaraken, awit taksih wonten tangnipoen para commissie.

Namoeng angsal-angsalanipoen papriksan ing tanah Djawi tengah sampoen dipoenoeomaken, nanging angsal-angsalanipoen saking commissie B.B. golongan bangsa Wlandi, kosok wangsoel kalijan angsal-angsalanipoen saking commissie B.B. golongan bangsa Priboemi. Déné angsal-angsalanipoen saking com. B. B. Wlandi, wonten ingkang soeraos makaten: Bab kawontenaning panggesanganipoen tetijang padoesoenan, boten wonten tanda jektinipoen jèn kadajan djaman malaise. Sabab-sabab ingkang perloe, ingkang njababaken bilih kantja doesoenan kedah angsal-angsalanipoen, poenika pinanggih sepen. Inggih njata leres jèn kantja doesoenan kekirangan jatra, nanging kekiranganing jatra kantja doesoenan, babar pisan boten ndajani toemrap awoning panggesangan. Dados boten wonten sabab satoenggal kémawon ingkang saged andjalari paos landrente dipoensoewak, kedjawi papan ingkang katab rawa-rawanipoen, oepami Bandjar lan Maos. Makaten pamanggihipoen com. golongan B. B. Wlandi ingkang kaserat wonten ing S.K. déning sadèrèk A.J.S.

Bab kosok wangsoelipoen, inggih poenika angsal-angsalanipoen paniti priksa saking golongan B.B. bangsa Priboemi; boten perloe koela atoeraken, djer pandjenengan temtoe sampoen ngertos, awit koela ngertos bilih pandjenengan sadaja sampoen ngertos tegesipoen kosok wangsoel.

„Het Nieuws” ngijataken dateng katemenanipoen angsal-angsalan saking golongan B. B. bangsanipoen, temboengipoen: Bab katabing barang gantos an gadahanipoen tijang doesoenan boten kateboes poenika, margi reregèning barang djawi langkoeng mirah. (dados boten kabekta saking katjringkrangan Tj.)

Ingatasipoen papriksan kawontenan satoenggal, pinanggihing papriksan kosok wangsoel, poenika mila nami anèh, nami anggoemoenaken, sabrèbèt doerèn kénging katemboengaken boten pinanggih ing nalar. Nanging ing ngatasipoen kawontenan ing Indonesia, kawontenan ing tanah djadjahan, langkoeng malih bab ingkang magepokan kalijan tijang ingkang kadjadjah, dipoentingali saking golonganing bangsa ingkang ndjadjah lan ingkang dipondjadjah, angsal-angsalanipoen kosok wangsoel, poenika nami boten barang anèh, boten mokal lan boten anggoemoenaken.

Bab kawontenaning kantja doesoenan kekirangan jatra, ketjompèraning jatra, poenika manoeet pamanggihipoen B.B. bangsa Wlandi (ingkang dados commissie), kaanggep boten barang-bèrèng. Mangka manoeet djedjering nalar Indonesia, kekiranganing jatra kantja doesoenan, oegi ateges kasangsaran lan katjringkranganing kantja padoesoenan, awit sanadjan kantja doesoenan oegi

betah penganggé djangkep, pirantos ingkang njekapi betah tèh, rèk, sarem lsp. ingkang sadaja-sadaja waoe angsalipoen kedah katoembas mawi arta. Pambajaripoen paos dateng negari inggih kedah kabajar jatra jektos. La saking poendi angsalipoen jatra sadèrèk doesoenan waoe? . . . . . Boten sanès inggih saking anggènipoen sadé pamedaling siti ingkang boten sapintena aosipoen poenika.

Mloroting reregèn pamedaling siti, saèstoe adamel kekiranganing jatra kanggénipoen kantja doesoenan (kaoem tani) oegi ateges damel kasangsaranipoen.

Reregèn oewos sadatjin (100katos) ratjak f 6,— (nem roepijah) sadèrèk tani betah rèk 1 kotakan kedah kabajar regining oewos 1/2 katos betah sarem sabanon (saemplèng) kedah kabajar mawi regining oewos 1 1/2 katos, mangka kala oewos regi f 10 à datjin (poenika nami regi moerwat) tjekap kabajar mawi regining oewos 1/5 katos jèn betah tèh saboengkoes ingkang saé regi f 0,40 roemijin kala oewos regi f 10 à datjin tèhipoen f 0,42 kedah kabajar mawi regining oewos (anggénipoen sadé oewos 4 1/5 katos sapoenika regining tèh mlorot 2 sèn nanging malah kedah kabajar mawi regining oewos mèh 7 katos. Anakipoen ingkang sekolah mbajar f 0,25 roemijin tjekap kasadèkaken oewos 2 1/2 katos, sapoenika 4 katos dèrèng tjekap tjara Goenoeng perloe sadé gaplèk 1 datjin (poenika dèrèng kapotong émbalan beakta) oetawi kasadèkaken djagoeng langkoeng saking 120 idji, oetawi jèn tjara Kembang Aroem (bawah Toeri Djokja) boten tjekap jèn kasadèkaken salak ± 2 ténggok (salak sa-toes tegesipoen 170 idji reginipoen 10 à 18 sèn). Hara poenapa mloroting reregèn pamedaling siti, ingkang damel kekiranganing jatra kantja tani boten ateges damel kasangsaraning gesangipoen?

Panjerat kerep mrangoeli laré sekolah ingkang woeroeng margi kekirangan wragad kanggé mbajari, sanadjan bajaranipoen sinaoe namoeng f 0,15 sawoelan lan boten kirang laré ingkang woeroeng sinaoenipoen, margi sandang panganggènipoen boten djangkep. Ing salebetipoen mangsa djawah katab moerid ingkang boten mlebet margi rasoeakanipoen teles nembé kadjawahan, mangka santoenipoen boten wonten.

Dèrèng dangoe poenika moerid tangga koela ngantosaken baranging tijang sepoehipoen perloe kanggé mbajar sekolah, awit wonten pamoeangan kerep dipoenabani déning goeroenipoen soepados toemoentena mbajar, mangka neda tijang sepoeh tita boten angsal, margi boten gadah jatra. Poenapa poenika boten nami kasangsaran margi kekirangan jatra?

Paos f 5,— ingkang jèn pamedaling siti reginipoen moerwat tjekap kasadèkaken oewos 1/2 datjin, sapoenika mèh sadatjin. Jèn tjara Begelèn kedah kabajar mawi regining klapa 300 idji, mangka roemijin tjekap klapa 100. Poenapa negari trimah jèn namoeng kabajar regining oewos 1/2 datjin?

Jèn kawontenan makaten poenika tjara commissie golongan B. B. Wlandi, meksa kapanggali dèrèng barang-bèrèng tegesipoen dèrèng dados sebabipoen pantes angsal-angsalanipoen soemangga.

Bab tjrijosipoen Het Nieuws. jèn katabing barang pegantos boten sami kateboes poenika, boten kabekta saking ngrekaosing kantja padoesoenan nanging kabekta saking mirahing barang-barang ing ndjawi. Bab poenika poen Tj. boten saged pitados, awit djoeroe taksir poenapa kalénanan? Tj. pitados jèn barang-barang sadjawaning pegantos an langkoeng mirah. Nanging djaman poenika boten dados sababipoen anggènipoen barang-barang pagantos sakedik ingkang

kateboes, kilap manawi béndjing-béndjing. Awit koela ngertos jèn kantja doesoenan katab ingkang sampoen ambal-ambalan ngrènteni barangipoen, ning doemoenging endon meksa boer. Aloewoeng manawi sakediking barang-barang ingkang mlebet pegantos kabekta saking boten wontenipoen (sakedik) barang-barang ing padoesoenan ingkang padjeng dipoen-gantosaken poenika njata.

Bab wragad lan pamedaling siti minggoe ngadjeng kateroesaken.

Tjablaka.

### PRADJA RAHAJOE.

#### PANGGOELA-WENTAH KEDAH KATENGENAKEN.

Kala 16 October poenika koela njarijosaken: bab awoning panggoela-wentahipoen laré-laré ing padoesoenan oetawi ing nagari, mawi irah-irahan: Pamardi peksan.

Mentas poenika wonten lelampahan ingkang andara-dasahi atoer koela kaseboet. Mekaten aloeranipoen: Kala Slasa soerja kp. 17 Nov. djam 8 éndjing (wantjinipoen laré sekolah mlebet), ing grija koela kadatengan laré éstri taksih prawan pandoegi oemoer 16 taoen, pitakèn poendi grijanipoen embahipoen goeroe éstri ingkang moelang wonten Nglempong (R. K. Volksschool); sarta sandjang bilih pijambakipoen dipoenkèngkèn mendetaken santoen, amargi poen goeroe éstri waoe badé dateng Kalioerang perloe adoes saba ngirid moerid (bokmanawi kadjengipoen schoolwandeling D). Réhning kala samanten koela saweg dong pados menir, amila ingkang manggih inggih sanès koela nanging kantja éstri, kantja éstri boten nglegéwa sarta mangsoeli bilih boten mangertos.

Glens, késah saking soedoeng koela pitakèn dateng tijang mandé, noenten dipoentedahaken. Doemoegi grijaning embahipoen goeroe éstri (sadjatosipoen sanès goeroe, nanging magangan goeroe doesoenan D). Ladjeng tjarijos kados rikala wonten panggoenan koela waoe. Mila margi boten mantra-mantra babar pisan manawi pijambakipoen laré apoepoes toemoenten dipoenbektani: sindjang énggal, sléndang, toewin sangoe.

Sareng sampoen angsal-angsalan semparèt késah; tosipoen késahipoen dateng Tèmpèl. Sonten ± djam 6 wangsoel dateng grijanipoen Nglempong, ing grijanipoen sampoen wonten poelisi; temtoe kémawon inggih ladjeng dipoentjiit.

Mitoeroet papriksan laré waoe saking grija pantjen dipoenkèngkèn tijang sepoehipoen toembas sindjang dateng peken Tèmpèl, sarta oegi dipoenbektani arta.

Lah, poenika sadèrèk ambak laré doesoenan, malah laré ngredi, teka sampoen mlaitit temen. Toer ketingalipoen boesoek, dèrèng ngertos alip béngkong pa pintjang.

Amila, mangga para sadèrèk ingkang kawogan, njaékaken panggoela-wentah ing bangsa poenika pakarjan ingkang loehoer sampoen tengah-tengah anggèng pandjenengan ngloebèraken sih-kabangsan pandjenengan, mriksanana nootipoen: karangan koela kapengker Sw. Tm. no. 42.

Wé-la-dalah saweg kémawon, vulpen koela koela dèlèhaken, koela dipoentjarijos kantja, manawi ing Ngemplak wonten laré djaler katjepeng anggènipoen njolong tjelènganipoen koeli-koeli wonten ing kaloerahan (woedjoeding tjelèngan: boemboeng D.)

Batos koela: wé, la djaman mlèsèt, akèh botjah sing dienggo ngraboe poelisi!

Mangga para prijantoe, poenapa poenika boten mesakaken. Poenapa laré sapoenika poenika katab ingkang gadah widji sesakit klèptomani (dedasar remen njolong)? Pandoegi koela boten, wongsal-wangsoel poking ngepok inggih namoeng kirang pandjaginipoen.

Anak poenika limrahipoen jèn taksih alit dipoendama-dama dipoen-sandangi sarwa mompior, emas-emasan lan saé-saé. Poenika sadjatosipoen panggoela-wentah ingkang klèntoe. Béndjing jèn ageng kepatoeh, penganggé kedah sarwa saé awis lsp. Inggih jèn tansah katenggan banda, jèn boten rak . . . Pantjenipoen saé dipoenkoelinakaken resikan kémawon, resik djawi nglebetipoen.

Noewoen: poen Djagabaja.

### FILM DJAKARTA.

Lorsque l'enfant parait . . . . . bareng bajiné woes lair, wong saomah soerak lega, mripaté kang kintjong-kintjong, gawé béragé kang pada nonton.—

Makaten soerak koela kala P.P. K.D. Djakarta lair, mawi metik kidoenganipoen danjang politik Prantjis: Victor Hugo.

Sareng KABAR PASOENDAN medal, lah, dalah, sadèrèk Patrem lan koela, Tom, boten kirang bingah awit inggih poenika sedya kita, sageda, lo, sabèn kita ageng wontena toekang film kanggé pers kita, inggih Swara Tama, inggih H.I.S., inggih Tamtama, inggih S. K. lsp.

Sadèrèk Tahrin njata tanggap ing semoe, boten kados sawenèhing sadèrèk, angsal djiwitan ladjeng hanggendjirèt boten tolèh-wingking, boten nilar tilas, tanda seriking panggalih kadamel langkoeng awrat tinimbang betahipoen pers kita.

Béndjing poenapa „Semarang” lan „Soerabaja” wonten film-operateur kanggé Sw.Tm. lan S.K.?

Poenapa, . . . . . ng . . . . . namoeng tansah inspectie (hml) peken djohar lan peken teori kémawon? hm!

Ngatos-atos prijantoe, let sakedap Soerabaja badé kakèker saking Djakarta!

Kados poendi?? . . . . . ? geheim!

Sampoen semanten kémawon proloog koela.

„Saben Ngahad sonten (poen Sw. Tm.) sampoen goemlétak ing Leeszaal tjelak Vakschool . . . . . ngadjeng-adjeng rawoehing para mitranipoen . . . . .” Makaten film koela kala 20 November . . .

Bab poenika lepat lan mlèsèd.

Liripoen: lepat awit dinten Ngahad leresipoen Senèn, mlèsèd awit koela toeweni malih teka rara Sw. Tm. boten ketingal. Koela soemerep wonten ing médjaning dirèksi, nanging boten kasedjaken para maos, dados . . . . . Sw. Tm. kalebetaken lijst prohibition (awisan) wonten ing Leeszaal ngrikoe, margi Djawi? Kirang terang; margi Katoelik? Kok anèh, awit Koerier adjeg wonten!

Tjubi bab poenika badé langkoeng koela waspadakaken . . . . .

Bab pakempalan?

Wo, saja moejeg sanget, sawenèh sadèrèk badé mlebet Djawa-Sarèkat, Paloepei Darma mentas madeg, ladjeng . . . . . wonten klesik-klesik badé damel Èmka (Moeda-Katoelik), ladjeng . . . . . jèn saged mbéndjing omka damel Debating Club, hara-ta-naja, saja redja! Wéka . . . . . Pangroekti Laja . . . . .? Wah ramé!

Mila jèn ngèngeti Djakarta wonten watawis 60 gotrah Djawi Katoelik, boten kekatahen jèn Djakarta damel organisasi pepak kados ing kita-kita ageng ing Djawi Tengah.

Congregatie djaler-èstri padvinderij oegi wonten, ingkang sadaja sami gadah warga Djawi . . .

Bebasan pista, tipis jèn rata bisa njampeti perloe.

Makaten oegi gotrah Katoelik Djawi ing Djakarta, tipis, kadjeng koela ringkih toer énggalan, nanging jèn prigèl pangdoeming damel, saged kijat lan tentrem.

Kala 20 November koela matoer jèn gotrah Djawi Katoelik ing Djakarta wonten 50, sapoenika koela matoer watawis 60, margi . . . . .

### ISINIPOEN:

Paos landrente—Panggoela wentah enz.—Film Djakarta—Saja ndadra—Medari-Sléman—Sambet rembag—Coöperatie moerid—Ebahing pe-moeda—Ngadjengaken ékonomining bangsa—Coöperatie dagang ing Wedi—Serat kintoenan—Wawasan boe-koe—Goentingan pers—Pangandika dalem I. S. K. Bapa Pius XI—Wajana manéka warna—Oerap sari—Corespondentie.

### GOENTINGAN PERS.

nDjamani!

„Pawarta Soerabaja” ngewrat circulaire saking Boepati ing Panaroekan kados ing ngandap poenika:

Regentschapsbestuur.

Panaroekan. Sitoebondo, den 5 Oct. 1931 No. 5534/42.

Pokok soerat: Peringatan dan pretah kepada prijaji-prijaji.

Saja memberi ingat lagi kepada prijaji: 1. Kalau prijaji pergi tourneé atau toeroet saja tourneé boleh pake pakean sesoekannya pake pantalon.

2. Kalau saja datang di roemah prijaji, saja minta dengan sangat, soepaja prijaji pakai slop atau sandalnja.

Djadi tidak oesah boeka slop atau sandalnja. 3. Djoeroetoealis atau hulp saja kasi idzin pakai sandal. Kalau saja datang di kawedanan atau di onderan (assistenten), me-reka saja panggil, soepaja toeroes pakai sandal atau slopnja, djadi tidak oesah boeka sandal.

Boleh pakai pantalon atau slop asal me-reka bisa membelinja, djangan sampai meoesak financiennja.

4. Kalau mereka mengadap saja haroes berdiri, saja larang sembah djongkok.

5. Saja minta dengan sangat soepaja pretah saja di bab 1, 2, 3 dan 4 ditoeroet soenggoeh-soenggoeh, karena djaman sekarang kehormatan sematjam ini tidak akan djadi baiknja nama prijaji, tidak baik.

6. Tjoema sadja Lari ingat djangan loepa pakai patrap yang ne'jis atas pendirian prijaji pada chef-chefnja, djangan sampai kelihatan orang tidak patoet.

De regent van Panaroekan wg. Soedibiokoesoemo.

Aan den assistent-wedono Besoeki.

Mangga katandinga pijambak kalijan circulaire saking Lamonganc roemijin.

### P.P.P.P.A. dipoenadjeng-adjeng-sanget!

Ing Klatèn poenika karojalan-poenapa kémawon misoewoer madjeng, panggenan soendel kawitjal katab. Nembé poenika koela mireng radio saking satenggiling loerah kampoeng ing Klatèn, jèn para em-bok-embokan katingal anggre-anggènipoen anindakaken pi-melanipoen, malah wonten ingk toemindak sawarni werwer.

Awit saking wonten lampa makaten, poenapa dèrèng same-nipoen, ing Klatèn dipoenadeg-al-pang P4. A. kanggé andjagi date-kaem éstri kita, sabab pan-ageng dajanipoen P4. A. p-Ing Bèdji sareng wonten pake-palan kaseboet, katingal resik i-panggenan reged poenika.

Koela ngadjeng-adjeng sang-sageda P4. A. ngadeg ing sadaj-panggenan.

Makaten tjrijosipoen Soen i-D. K.

Kawontenan kados makaten po-nika mila ngenesaken sanget!

Mangga, Wanita Katoelik ing Klatèn, sami énggal toemandang; sampoen ngantos karoemijinan!

Sadèrèk pandjenengan ing Koeta-ardja inggih sampoen tjekat-tjeket

Tom mentas kémawon tampi k-trangan terasan saking ingk-kagoengan wadjab; mindaki 10 waoe margi angsal adrès saking golongan poelisi daat . . . . .

Dados sareng wonten Rama ngèng ingkang sakedik kalih ke-ngerios basa Djawi, béda sang-kawontenanipoen, adrèsipoen sadè-rèk Djawi Katoelik énggal kasoe-merepan. Sapoenika watawis 60 gotrah, sawoelan malih badé

...repan?  
...ning BASA!  
...nantengaken!  
...ngsoeli bab mhèntèq, . . . . .  
kadjeng koela; gemeentel  
Bab njaekaken margi njata ngédab-édabi.  
Koela atoeri mlebet koekoeban antériponen dalemipoen toewan Tamrin (warga Raad Kawoela) ing Sawah Besar, Gang Budingh, lah-dalah, margi kampoeng glimit, kaspal, ing tengah kampoeng kasedijanan padoesan lan papan oembah-oembah.  
Makaten oegi ing koekoeban Kebondjeroek Iss.

— o —  
Let sadjam kalijan anggèn koela moeter film poenika koela merlokaken dateng Leeszaal, lah, S w a r a T a m a wonten ngadjeng kori leres, anjening manah koela boten kadosa. Dadasa panjana koela ingkang kenèh-kenèh waoe boten njata. Sokoer.  
Bab film Semarang . . . . .  
Kala koela wiwit moeter film poenika kesoepeñ dateng artikelipoen A.D. ing S.K. 20 November, poenapa adèk (hm.) A.D. boten karsa damel film ing Sw. Tm.? Tjubi, Djakarta, Bandoeng sampoen wiwit, poenapa Semarang boten saged damel film „made bij A.D. Company?”

Ah, temtoe saged!  
Èbahing pakempalan ing bebadan Katoelik Djakarta njata moejeg, jèn angsal botoh ingkang wasis, sokoer ingkang saged ngémba Mgr. Nolens, gotrah Djawi R.K. ing Djakarta, é, sanadjan 80% ingkang roemagang damel prasat namoeng golongan moeda, temtoe saged dados maskapé oelig-oeligan.

Inkang poenika moegi kaboela, smeed terwiji het ijer heet is! Moempoeng maskapé saweg birahi - birahinipoen, para „kawogang” kedah waspada; lepat sapoenika, lepat mbéndjing; saé sapoenika, saé ing tembé wingking!  
Roekoen, poenika piwelingipoen éjang Nolens.

Kita wadjib ngamini.  
Jèn kita sapoenika roekoen, boten badé satengah angsal tetahan kados gotrah R.K. ing Sepanje.  
Jèn tanggoeling bendoengan bolong sadjentik, let sadjam dados samaésa . . . . .

THE END.  
De Regisseur  
(C.C. Djakarta) TOM.  
SAJA NDADRA.

Wonten swara malih: „Kebangsan Indonesia ikeo pada baé karo Kebangsan atradjang brontak.”  
Sadèrèk! Pantès-trentipoen ingkang tegel njoewera makaten poenika rak dédè bangsa kita. Sanadjana bangsa kita inggih ingkang dèrèng soemerep lèr kidoel toenggilipoen ingkang moengel „padpènder ikeo saradadoe.”

Nanging, ingkang njoewara djeboel sadèrèk ngriki pijambak toer trinasis inggih sang misoewoer Dr. Abdoel Rivai.

Dados mitoeroet Dr. A. Rivai sadaja pergerakan Indonesia, P.P. K.D. barang poenika inggih *revolutionair*?

Hem, koentoel dioenèkaké dangdang!

Toewan Dr. A. Rivai ingkang samangké. Sampoen wonten ingkang Indonesia, wonten ing Sumatra-Post kadjawi njerat kados ing nginggil mratélakaken jèn boten badé goer ing kalangan poelitik,

ih pak. poelitik Walandi, inggih poelitik Indonesia pisan.

o, kok anèh! Ing atasing t. Dr. i poenika prijantoen Indonesia, en badé mlebet pergerakan, landi kémawon kok dipoenandarn.

n. Poenapa namoeng kanggé waken jèn t. Dr. R. babar pisan badé tjampoer poelitik? Soker jèn makaten; koewatos koela Dr. R. gèk-gèk gadah nijat (ingang boten kalair) njeoger ing poelitik Walandi.

Anèhipoen malih mentas njoentanten katah-katah: Nationalisme nesia ora ana, sing ana nas. awa — Kebangsan Indonesia ikeo ndjang brontakan, kok woosanann: „Ako ora mleboe partij andana, ora mleboe partij Indo- . . . . .

enapa anggènipoen njikoeti èbahan Ngriki poenika nanging kanggé alasan anggènipoen jèn badé njemloeng ing poelitik? tawi namoeng kanggé ngléla-léla wenèhing golongan Ngriki amrih djedjingklakan??

P. C. Warsini.

MEDARI — SLÉMAN.

Sw. Tm. ingkang nembé medal, Djarwa sarakèn jèn Xaveriusbond ing Medari é kakengekngaken. Poenapa ta Xaveriusbond poenika? X. B. makaten namining pakempalanipoen para Kath. kakeong oetawipoe tri, ing Medari kidoel, ingkang kakeoning toedjoe, ndèrèk ngoedi ndjembaraken Kraton Dalem. X. B. kapérang dados kawan panta.

I. Papan ingkang anggènipoen ndèrèk ndjembaraken Kraton Dalem srana memoelang.  
II. Srana nengenaken dateng sembahjangan, amrih ingkang sami memoelang angsal damel.  
III. Srana nengenaken dateng toelada saé.  
IV. Srana dana arta apes f 0,05 (5 sèn).  
Para kadang Kath. kènging nglebeti kawan pantan (golongan) babar-pisan oetawi sapantant, kalih pantan, tigang pantan, poendi ingkang dipoenkarsakaken.  
Margi wontenipoen pantan X.B. no. II kaseboet nginggil, ing papan-papan sakiwaten Medari ingkang wonten grombolanipoen kadang Kath. dipoenwonteni sembahjangan sasarengan, saminggoe sapisan.  
Sabèn wonten Mis Soetji (Ngahad II lan IV) ing Gréja Medari katinggal sesak. Mila sakedap kémawon ing Medari lan sakiwatenipoen, sampoen wonten papan-papan kanggé woelangan Agami ± 18 panggenan.  
Sapoenika ngoengkal ing Medari lèr (Toeri Nglempang lan Somaitan sakiwaten-tengenipoen). Sanadjan gotrah Kath. kawon katah kalijan Medari kidoel, nanging greged satoeipoen boten poeroen kantoen kalijan sadèrèkipoen sepoeh (groep Medari kidoel). Ing ngrika oegi sampoen wonten kempalan ingkang noenggil toedjoe lan X. B. ing Medari kidoel. Sanadjan margi - margi langkoeng angèl wah malih jèn mangsa kados kados sapoenika - poenika, éwadéné sami katinggal panggab, boten entjak-entjaken. Tandangipoen boten ngaja, nanging mangler, adjeg, dijemangkah teroes, boten mandeg toemilih: Nanging K. W. lan P. P. K. D. dèrèng saged toemindak ing ngrikoe.

Sapoenika wangsoel dateng Medari kidoel: Pakempalan K.W. ing ngrikoe gesangipoen katinggal loemajan, sampoen gadah jajasana djempol, inggih poenika: Xaveriusbond, credit coöperatie lan perssectie sanadjan dèrèng mèmper jèn katimbang kalijan perssectie sanèsipoen, langkoeng malih jèn katanding C.C. Djakarta, tebih sanget antawisipoen, nanging oegi sampoen gadah. Pangroekti-Laja K. W. oegi sampoen jassa, gesangipoen soeboer maremaken, warganipoen kapétang lan warga bathi boten kirang saking 500. Nanging kaeoningana kawontenan ing ngalam donja boten wonten ingkang kalis ing sambé kala! Makaten oegi P. L. ing Medari. Lan jektos kataman ing sambé kala!

Djarwa mireng kabar, bilih K.W. soemerep poetra ingkang dinama dama pantjan donja, inggih boten ngétja-étja, énggal toemandang pados srana moerih waloeja. . . . lah ngantos kagrodjoeng ing Tirta-Kamandanoe, (toja panggesangan) nanging meksa boten saged waloeja, éwadéné meksa dèrèng telas pangadjeng - adjegipoen. Kala K. W. ngwontenaken paretapan woelan October poenika, ndapoek commissie ingkang tinanggenah mattisaken lan ngoedi ndjenggelèking Pangroekti-Laja.

Ing wekdal poenika commissie kaseboet saweg nindakaken koewadjabanipoen.  
W. K. ing Medari oegi sampoen wonten, nanging margi katilar paoentoenipoen ladjeng saré anglèr, sampoen sawzawis dangnoe (± 6 woelan) dèrèng ngilir. Sinten koewagang moengoe?

Dwidja Swara, inggih poenika pakempalanipoen para goeroe Kath. ing ngrikoe, toedjoenipoen toemoet ndjoendjoeng drajdjang bangsa Indonesia, ngambah margi pangadjaran. Poenapa poenika oegi jasanipoen K. W.? Djarwa boten ngretos, namoeng mireng kabar jèn D. S. sampoen gadah pamoeangan doesoen kalih. Sapoenika D. S. poenapa inggih taksih gesang? oegi boten patos damang, awit kala adjegipoen Trijasa ing Medari, kabariipoen D. S. gondjing déné njatanipoen doemoegi sapoenika kok anjèp kémawon. Poenapa nggamblok dateng Trijasa. Sokoer jèn makaten. Nanging bab poenika inggih dèrèng tjeta.

P. P. K. D. wonten ing Medari lairipoen sampoen kalih taenan, sanadjan badan alit, nanging ing semoe katingal kijeng, sadjak poeroen njamboet damel, boten wegahan. Tjara larènipoen alit nritik, boten lingseman, remen tatakèn poenapa - poenapa ingkang boten dipoenngretosi, ngantawisi jèn bédjing diwasanipoen badé katah seserepanipoen. Saboten-botenipoen pragèn gedé akèh isiné.

Serat kabar Kath. kados S. Kath. lan Sw. Tm. Ing semoe taksih sakedik sanget ingkang sami sowan wonten dalemipoen para gotrah Kath. ing Medari. Sanadjan dalemipoen para goeroe. Awit sadjak-sadjakipoen para sadèrèk Kath. ing Medari sakiwaten-tengenipoen dèrèng karsa nanggapi badé pisowanipoen mitra darma kakalih ingkang tansah ngongak-angoeki dalemipoen, malah kala-kala neter panotoking korinipoen, éwadéné meksa katah ingkang dèrèng karsa mangani kori. Poenapa poenika boten nama koetjiwa? Poenapa mila boten komanan wekdal kanggé manggih? Para sadèrèk! bagoes S. Kath. lan mbokajoenipoen Sw. Tm. poenika sami mitra djengandika ingkang manis, kalih-kalihipoen sami soegih seserepan, samangsa sowan namoeng badé sami njaosi rembag lan seserepan warni-warni. Déné manawi djengandika kagoengan pitakèn poenapa-poenapa koela atoeri moendoet priksa dateng salah satoenggalipoen mitra kakalih waoe, mangké samangsa sowan malih rak njaosi wangsoelan. Jèn pandjenengan karsa paring wartos oetawi rembag ingkang maèdahi dateng ngakatah, mitra kakalih waoe rak kanti dangan ngantarakèn. Rak inggih makaten ta rama redacteur?

Tjekak Mitra kakalih waoe sami trampil, wekel prigel toer andap asor, wah loewasan. Jèn soemitra S. Kath. oetawi Sw. Tm. sowan, anggèn pandjenengan manggih boten preloe mawi matjak nggekeng, pinarak mbangkreng, sanadjan namoeng kasambi saréjan inggih sampoen trimah kanti lega. Jèn maiben mangga koela atoeri njobil déné jèn sampoen pitados enggapani. Namoenng nimbali sapisan bagoes Sw. Tm. badé teroes sowan saben minggoe. S. Kath. saben sadasa daloe. Manawi pandjenengan sadaja lan gotrah Kath. sanès panggenan nanggapi jektos toer ngesakaken jektos. Jektos S. Kath. lan Sw. Tm. sagah sowan saben dinten. Sampoen samanten kémawon.

Kala minggoe kapengker Djarwa sampoen matoer jèn ing Medari bab oelah raga inggih klebet madjeng. Poenika njata. Ing papan bal-balan sawingking Standaard school apes saminggoe sapisan kanggé tandingan bal-balan, kadosta: Sléman mengsah Medari. Medari mengsah Medari. Sléman — Djokja. Sléman — Bantoe. Sléman — Wates. Sléman — Kalasan enz. Ing Sléman lan Medari kémawon tjatjahing club bal-balan boten kirang saking gangsal (lo poenika ing ngantastipoen . . . . . doesoen). Malah salah satoenggiling club Kota Baroe Djokja sampoen 2 minggoe poenika (22 lan 29 Nov.) teroes ngloeroeg dateng Medari.

Moeda Katholik oegi boten poeroen kantoen, saben Kemis temtoe adjar bal-balan lan kanti wonten Medari, dolan sanèsipoen oegi boten kalirwakaken. Cursus goeroe doesoen oegi gadah club bal-balan pijambak, malah djoeroes (oelah raga Djawi) oegi toemindak.

Sapoenika nginggoek dateng seran ± 3 pal sakidoel-wétan Medari. Ing ngrikoe grombolan sadèrèk Kath. radi katah lan oegi klebet madjeng dateng piwoelang Kath., sapoenika ing doesoen Doewet sakidoel-wétan S.f. ± 1/2 pal dipoendegi kapel, panggarapipoen sampoen mèh rampoeng. Bédjing tanggal 8 Desember ngadjeng poenika (kaleres dinten pangenteng-enteng Iboe Dewi Maria pinoeberba tanpa tjiri). Kapel ing Doewet dipoenberkahi.  
Sampoen samanten roemijin sanès dinten kaladjengaken.  
Poen Djarwa.

### DJAGAD NÈM - NÈMAN.

#### SAMBET REMBAG SAKEDIK.

Ing Sw. Tm. no. 45 koela maos andaranipoen kadang Djaka Mataram, ingkang soeraosing andaran waoe, nerangaken nalar-nalaripoen déné *Moeda Katholik Mataram mawi milah-milah*. Bilih nitik andaranipoen kadang Djaka Mataram waoe, koela saklangkoeng mangajoebagya, pantes tinoelad!!!  
Nanging kawoningana para moeda, djaman samangké poenika sampoen dédè wantjinipoen, bilih satoenggaling bebadan ingkang adedasar kebangsaan kebangsaan, ingkang kagajoe badé ngadjengaken bangsanipoen ingkang dèrèng tinarboeka ing boedi.

Ing ngriki koela badé njoeplik sakedik andaranipoen kados Djaka Mataram ingkang nerangaken sebab-sebabipoen déné *Moeda - Katholik Mataram mawi milah-milah*.

„Oepami moerid sekolahan doesoen dipoenmor kalijan Student Universiteit; ladjeng ngwontenaken sesorah, ladjeng kados-poendi kémawon warnining sesorah waoe? Jèn dipoenangkah soepados moerid sekolahan doesoeng sageda mangeritos, kanggé Student Universiteit mesti badé ndjelèhi, boten angsal indaking seserepan.” (Miring ing aksara déning oem.)

Ing ngriki sampoen terang bilih Student Universiteit sesorah wonten

**Van Lith-Stichting**

Mangga! — Mangga!

SINTEN

ingkang dèrèng dados

CONTRIBUANT

V. L. S.

énggal koela atoeri

loemebet.

---

PENNINGMEESTER V.L.S.

2E. CONVICT.

MOENTILAN N.I.S.

ngadjeng moerid sekolahan doesoen mesti badé ndjelèhi, lan boten saged angsal seserepan.

Tetemoengan ing nginggil kasbat, saking pamawas koela kirang prajogi; samanten waoe bilih namoeng kalih prakawis kasbat ingkang kanggé nalar-nalaripoen milah-milah. Djalaran kados poendi sagedipoen madjeng bangsa kita, bilih Student Universiteit kagoengan panggalih ingkang samanten? Poenapa margi laré sekolahan doesoen boten saged basa Walandi, (Nederlandsch), Engelsch, Fransch, Duitsch, Italian, Esperanto, enz. enz.

Poenapa bilih sampoen Student Universiteit poenika ladjeng kesoepeñ dateng basanipoen pijambak? Kados roemijin kadang Prendjak Mataram, sampoen naté njoengolaken soepados kita tresna dateng basanipoen pijambak. Kalijan malih bok inggih ngènggetana babad ing Negari Denenmarken, kados poendi madjenging ra'jatipoen? Lan sinten ingkang ngerbanaken tenaga lan boedinipoen?

Inkang poenika minangka panoeptoeping atoer koela poenika, koela tjaoes oeloek - oeloek sakedik; bilih keparan njata *Moeda-Katholik Mataram nedyo ndjoendjoeng drajdjad lan adjenging bangsa*, toewin roemias dados *poetra Katholik Indonesia*, langkoeng prajogi boten mawi milah-milah warganipoen.

Noewoen c. c. Djakarta: poen: *Oemarmojo*.

Minangka wangsoelan.  
Njoewoen rebat tjepak kémawon. Koela matoer noewoen dateng Redaksi, déné sampoen karsa neroesaken artikel ing nginggil poenika dateng koela. Lan koela njoewoen pangapoenten dateng kadang *Oemarmojo*, déné artikelipoen sampoen koela tjandè ngantos samanten dangnoenipoen. Déné atoer koela sapoenika mekaten:

1) Kadang *Oemarmojo* koela atoeri mremanemaken malih karangan koela ingkang kawrat ing Sw. Tm. No. 45. Bokmanawi mangké ladjeng dato stjeta *gajengipoen* toedjoe lan

srana (tindak). Sinten ingkang sampoen tjotjog kalijan toedjoenipoen M. K. Mataram; margi tindakipoen sampoen salaras kalijan poen toedjoe, inggih kedah notjogi tindakipoen waoe. Djer ingkang ngersakaken salah satoenggiling toedjoe, kedah ngersakaken oegi srana, ingkang salaras kalijan toedjoe waoe.

II) Bokmanawi wewahan ngandap poenika saged langkoeng anggablankaken malih:

a) *M. K. Mataram milah-milah*. Poenika boten ateges: metal-metal. Warga M. K. Mataram leres *kapilah-pilah (onderscheiden)*, nanging *boten kapetal-petal (gescheiden)*. *M. K. Mataram* namoeng wonten *satoenggal*, moedjoedaken bebadan satoenggal. Afdeeling satoenggal sambet kalijan satoenggalipoen.

b) Kadang *Oemarmojo* koela atoeri anggandèng „tjoeplik” saking karangan koela kalijan teroesipoen; awit „tjoeplik” waoe namoeng saweg sapérangan, saged noewohaken seling-serep. Ing rikoe badé tjeta, poenapa ingkang koela kadjengaken! „Dipoenmor” kadjeng koela: *dipoenmor* boten namoeng sapisan kaping kalih, nanging *sadjejoeng toewin ing samoekawis*. Jèn dipoenemataken mawi ngengeti *wewatakaning* manoengsa, *bédabédaning dedasaripoen* para warga, *ingkang mila pantjen wonten* lan boten kènging dipoen oengkir, poenapa déné ngengeti *toedjoenipoen* M. K. Mataram, kados ingkang sampoen katetepaken wonten ing Statuten-ipoen; i. p. ngadjengaken para warga *sadaja kémawon* (ontwikkeling van individuele krachten); ngemor (njampoer - radoek) kados ingkang koela kadjengaken waoe, ladjeng ateges: ngrerendeti lampah; soekoer jèn boten dados widji bibaring pakempalan. Kados déné taneman warni-warni poenika pangolahipoen inggih kedah warni-warni (kadosta pantoen kalijan teboe); dados kedah dipoenpanta-panta, soepados sami soeboeripoen: Jèn dipoen-groebjoeg dados satoenggal, mesti wonten ingkang kawon, gering, boten saged soeboer.

c) Kadang *Oemarmojo* kepéngin pirsra warga M. K. ingkang langkoeng birawa noeloengi ingkang kirang birawa. Koela saged matoer jèn sesambetan kados mekaten poenika oegi sampoen kelampahan.  
Sapisan engkas: M. K. Mataram gadah toedjoen, ingkang sampoen katetepaken wonten ing Statuten. Ngengeti kawontenanipoen para warga ingkang mila pantjen wonten (reëel), penggajoehipoen toedjoe waoe *kapeksa* mawi nindakaken milah-milah.

Déné jèn kadang *Oemarmojo* boten tjotjog kalijan toedjoenipoen M. K. Mataram, poenika ladjeng prakawis sanès ingkang boten soesah kapandjangaken malih.  
Semanten kémawon kados sampoen tjepak.

Atoer taklim  
*Djaka Mataram.*

### COOPERATIE MOERID.

Ing Mataram saben kampoeng madeg cooperatie, verbruikt oetawi credit, ingkang toedjoenipoen badé ndadosi economienipoen. Samanten oegi ing serat-serat kabar mèh saben dinten kepireng lairing cooperatie. Dèrèng dangoe poenika ing Bajalali madeg cooperatie moerid, nama B. A. N. T. E. N. G. (Bantèng) = Boedi Amrih Nenoentoen Toekoeling Economie Nedyo Gemi, toedjoenipoen sampoen ketawis wonten ing namanipoen, i. p. nenoentoen gemi, srananipoen: dadamelan ladjeng dipoensadé déning kempalanipoen, pepadjangen kanggé kas, lid jèn betah arta neda dateng pangrèh, sadaja waoe ingkang nindakaken moerid dipoentoentoen goeroe. Samanten oegi ing Solo mentas lair Perserikatan cooperatie Anak Adhidarma (P. C. A. A. D.) ingkang toedjoenipoen noenggil misah kalijan Bantèng. Koela jakin sanget manawi laré-laré ingkang katoentoen makaten waoe bédjing sepoehipoen temtoe langkoeng gemi lan tertip njamboet-damel tjara loeng-tinoeloeng, lan saja seneng dateng barang jasanipoen pijambak. Wasana sinten ingkang badé ngambari, énggal koela atoeri tjantjoet, dèrèng kasèp.

Taklim koela  
abonne. no. 169 poen *Klèntjèr*.

### ÈBAHING PEMOEDA.

*Padvinderij de „Morgenster” in actie.*  
Solo sanadjan dèrèng wonten pakempalan mligi kanggé para pemoeda Katholik, nanging sampoen gadah jajasana ingkang mèmper lan njakoep kabetahaning pemoeda, awoedjoed: „*Padvinderij*” De Morgenster. Madegipoen watawis sampoen 2 taoen. Warga goenggoeng 54 i. p.  
Laré alit-alit (welpen) = 20 katoentoen sdr. Siswapranata. Laré

### PANGANDIKA DALEM I. S. K. SANTO BAPA PIUS XI.

#### Watesipoen wewenanging pradjatoewin wewenanging Pasamoean Soetji.

Dèrèng naté kelampahan Pasamoean Dalem Sri Jésoes Kristoes amapali wewenang toewin koewadjabanipoen pradjatoewin atasiipoen panggoela-wentahing para poeradjana. Mandar mentas kémawon prakawis poenika koela kepjakaken lan ondangaken wonten ing Cyclicleek ingkang ngrembag panggoela-wentahing para moeda tjara katoelik. Wewenang toewin koewadjabanipoen pradjatoewin tan kènging pinapan; samanten poenika saoegeer boten loemangkah saking garis watesipoen. Wewenang toewin panggoewasaning pradjatoewin rak sampoen winatesan. Déné kados poenapa woedjoedipoen wewenang toewin panggoewasaning pradjatoewin prakawis poenika kawistara lan sampoen tinemtokaken déning katoedjoeaning pradjatoewin. Ing samangké sinaosa katoedjoeaning pradjatoewin ngemoengaken anjakoep babagan djasmani toewin barang kadonjan, soeprandéné katoedjoean poenika meksa tan kènging boten anggadhahi gegebengan pijambak, ingkang boten loemangkah saking prakawis ingkang mitoeroet kodrat (het natuurlijke), prakawis kadonjan miwah babagan djasmani.

Kosok wangsoel: Dawoeh-ajahan Dalem Goesti Allah, ingkang pinaringaken dateng Pasamoean Dalem Sri Jésoes lan ingkang namoeng mligi kaparingaken dateng Pasamoean Soetji, (mandar Pasamoean Soetji boten kapareng lan boten saged anglintiraken ajahan Dalem poenika dateng bebadan sanès), poenika anjakoep prakawis langgeng, prakawis kaswargan, prakawis ingkang ngoengkoeli kodrat (het bovennatuurlijke). Gegebenganing dawoeh-ajahan - Dalem anjakoep pranataning samoekawis (ingkang ngoengkoeli kodrat). Sadéngah doemados ingkang kasinoengan boedi kadjibah angoemgi pranatan poenika, (prakawis poenika dawah ing angka satoenggal). Déné prakawis sanèsipoen (kadosdéné prakawis djasmani lan kadonjan) poenika namoeng doemawah ing angka katih, kènging dipoenwastani namoeng dados andahan lan rèh-rèhanipoen prakawis ingkang ngoengkoeli kodrat, prakawis ingkang mitoeroet kodrat inggih kedah katjoendoeaken (lan kaèlsaken) dateng prakawis ingkang ngoengkoeli kodrat. (*Encyclicle: „Aksi Katoelik ing tanah Itali.”*)

sampoen ngoemoer (verkenner) = 16 katoentoen sdr. Hadisoeganda. Para sepoeh (voortrekkers) = 18 katoentoen sdr. Widyasoemyantara.

Pangrèh morgenster awoedjoed para pemoeda ingembanan sadèrèk sepoeh i. p.

Sdr: Djajaotama—voorzitter  
„ Poedjaatmaka—secretaris  
„ Djajasoeardama—1e penm.  
„ Ratmawardaja—2e „  
„ Tjitasoeardama—Commiss.  
„ Hoedjadimoelja — magazijn meester.

Pandjenenganipoen Rama H. Koch djoemeng Directeur lan Almoezenier.

Wekdal sapoenika „morgenster” mepeng toemandang ing damel, djer boten ngemoengaken oelah kridaning kapadvinderan oegi: ngoedi pasinaon.

1e Anggar (schermen) leider satoenggiling Sergeant.

2e Boksen, leider Meneer v. Aken; Hoofd Commissaris v. Politie.

3e Ngoedi kawroeh (Studie Club) leider: sadèrèk Hadisewaja; prijantoen tigas kawoerjan babaran Nederland.

Pamoedji koela sageda teroes toeloes soeboer migoenani toemrap oemoem, dados toeladaning sanès papan. Mangga! poendi malih ingkang badé tiroe-tiroe.

Leve de Morgenster.  
ndèrèk bingah  
*Soedjardja.*

### ECONOMIE.

#### NGADJENGAKEN ECONOMIENING BANGSA.

Wonten ing taman Sw. Tm. ingkang sampoen kapengker poenika koela sampoen ngatoeraken kados-poendi tradjanganipoen tw. Colbert, satoenggiling econom, anggènipoen nenoentoen dateng para kawoela Frankrijk, soepados saged sentosa lan saged damel barang-barang dedamelan pijambak, inggih poenika srana ngedegaken pabrik, soepados kènging kanggé tjonto lan njinaoe tjang-tjang ingkang sami njamboet-damel oetawi ingkang sami mertamoe, ningali mrikoe.

Mila toewan Colbert gadah tradjang ingkang makaten, mitoeroet babad, djalaran soemerep bilih ing nalika samanten ingkang katah-katah sami tetanèn lan katingal kasilipoen boten kenging dipoenadjeng-adjeng, boten patos legi jèn dipoenraosaken. Dados tjejak aas: gantos, gagrak.

Ing sapamireng koela, ing Poerworedjo oegi wonten satoenggiling coöperatie, kanamakaken: Djempol, lan jèn dipoenmirengaken kabaring tradjangipoen, kenging kaemperaken njrèmpèt dateng tradjanging tw. Colbert waoe. Inggih poenika: njé-wa grija kanggé bingkil, toembas pirantos lan saeoba-rampénipoen ingkang kanggé barang-barang dedamelan saking tosan ingkang kapoerih nandang laré wedalan Ambachtschool, srana kabajar. Dados ing Coöperatie rikoe boten kéténg satoenggiling kalih sampoen saged noeloengi laré wedala Ambachtschool, ingkang pantjénipoen boten saged énggal angsal pandamelan. Mila pantjèn matis sanget kalijan namanipoen djempol, saged toeloeng bangsa, pantes ingalembana.

Nanging kados-poendi menggah wohipoen, kados-poendi kemadjenangipoen, koela boten saged ngatoeraken ingkang klajan tjeta. Bokmanawi kémawon saodara si-Kantjil, santika ingkang madépokan ing satjelakipoen Poerworedjo, saged pados katerangan prakawis poenika ingkang tjeta lan karsa mbèbèr wonten ing samadyaning Sw.Tm. riki.

Ing nginggil koela namoeng saweg ngatoeraken toelada ingkang magepokan kalijan adjenging economie ing babagan dedamelan. Lha mangga sapoenika sami mriksani ombjaking tradjang ing salebeting djaman maaise, djaman katah tjang nganggouer poenika.

Pandjenengan tertamtoe sampoen priksa bilih katahing tjang anggoeran, boten namoeng kelampahan wonten ing samadyaning noeswan-tara tanah woetah-rah kita Indonésia riki kémawon, nanging oegi ing mantja pradja.

Lan tertamtoe kémawon, saben pradja ingkang tjatjahipoen tjang anggoeran saja dangoe saja mindak katah, ngraos boten remen. Djer ingkang makaten waoe boten namoeng andjalari dateng kiranging fata-tentremipoen pradja rahajoe kémawon, nanging oegi saged andjalari ringkihing kasipoen pradja, inggih poenika gegajoetan kalijan paos, sepoer, pagantosan l. s. p. Pramila oegi katah pangrèh pradja ingkang sami pados réka-daja kanggé ngoedi, amoerih sageding soedanipoen tjatjahing tjang anggoeran.

Kados ingkang sampoen kasbat wonten ing satoenggiling hari warti saking Brussel, Belgie, ingkang nembé poenika koela tampi saking satoenggiling soemitra, nerangaken bilih:

Toewan Albert Thomas, pangrèhing Internationale arbeid bureau, anggènipoen nglampahaken p njoewoenan katerangan datenga para pangrèh pradja ing saindeging Europa, anggènipoen badé ngoedi, amrih soedaning tjatjahipoen tjang anggoeran, sampoen tampi wangsoelan: Inggih poenika:

Saking pangrèh pradja Oostenrijk, mratélakaken bilih badé ngedalaken wragad 100 millioen shilling kanggé damel lan ndandosi margi-margi; lan ing salebetipoen 10 taoen 625 millioen shilling kanggé damel lan ndandosi kanaal ing Donau. Manoet rantjangan makaten poenika badé saged soeka pandamelan dateng tjang 10 éwoe tjatjahipoen.

Saking pangrèh pradja Duitschland, mratélakaken bilih manoet rantjangan, nelasaken wragad 100 millioen mark, perloe kanggé damel margi-margi, ndjembaraken tebaning electriciteit, ndandosi panggènan-panggènanipoen. Ing sadèrèngipoen poenika nggarap tanah-tanah kanggé sabin lan irrigatie.

Makaten poenika badé saged soeka pandamelan dateng tjang 4 — 5 millioen tjatjahipoen. Kedjawi poenika, pandjenengan tertamtoe inggih boten badé kesoepeñ, kados déné ingkang sampoen dipoenandaraken déning saodara Andaja, kados-poendi tradjangipoen Ricardo Mussolini anggènipoen soeka pitoeloengan dateng tjang miskin oetawi tjang anggoeran.

Wondéné kanggé para pangrèh pradja anggènipoen sami kendel ngedalaken arta samanten katahipoen poenika, poenapa margi arta kasing negari tirah, boten kotjratkatjrit, oetawi poenapa margi kanaal, margi, electriciteit poenika badé dados vasten kapitaal, ingkang ing tembénipoen badé saged adamel indaking arta kasing negari? Lha, prakawis poenika poen Widyanta boten saged matoer.

Namoeng ing riki saged matoer, sasampoening maos andaran ingkang kados makaten poenika, ladjeng gadah pamanah, bilih makaten poe-

nika jata katingal anggènipoen actief, tjoekat, tanggap ing semoe anggènipoen mitoeloengi dateng para kawoela ingkang sami nandang prihatos margi saking nganggouer, boten gadah pandamelan. Katingal jèn njata tresna — pantes ingalembana — ingajoebagja — lan dipoen-pèngeti. Makaten oegi kanggé kita para poetra Katholiek Indonésier. Djer tindak makaten poenika ngepleki oegi kados déné ingkang sampoen dipoenadawoehaken déning pandjenenganipoen Soesanta Kangdjeng Santo Rama Pius kaping XI wonten ing Rerum Novarum: Spoedig en afdoende moest de arbeider geholpen worden.

Kanggé ing pradja Duitschland mila éwontjatjahing tjang ingkang nganggouer. Lan boten namoeng ngemoengaken kanggé tjang daratan kémawon, dalasan para tjang laot oegi katah. Ing salebeting kita Humburg kémawon, mitoeroet kabar kanggé tjang laot ingkang nganggouer langkoeng saking 13.500; lan sanèsipoen oegi katah ing saben minggoe namoeng njamboet damel 2 dinten. Pramila inggih nama begdja, déné pangrèh pradja ing Duitschland badé kagoengan tindak kados ingkang sampoen koela atoeraken nginggil waoe.

Aksamanta: Widyantá.

C. C. Djakarta.

N.B. 1 shilling aosipoen = f 0,60. 1 mark = 100 pfennige, aosipoen = f 0,60.

COÖPERATIE „AMONG DAGANG ING WEDI.”

Soemerep ombjaking djaman madjeng, djaman berkoempoel para soedagar ing Wedi, goemrégah tangi, medal katijasanipoen sami saéka kapti, saged golong ing rembag ngawontenaken sedyana ngadegaken coöperatie.

Nalika soerja kaping 22 November coöperatie ingkang tansah kaantoe-antoe datengipoen, lair tinampèn ing sadèrèk 90 kanti soeka gambiraning manah; nama bagoes „Among Dagang ing Wedi.” Déné pawitanipoen A.D. W. poenika saking njadé aandeel à f 5—, arta ingkang katampi sampoen wonten f 700.— Saking kedahkoemedahing para warga anggènipoen anggé daja-daja A.D. W. énggala birawa, katah sad, ingkang poeroen toembas 5 doemoegi 10 aandeel; malah sampoen wonten planggeranipoen, mbokmanawi wonten ingkang kadoegi mborong 25 oetawi 50 aandeel.

Pepoentoning rembag A.D. W. ngadegaken toko bangsaning kèper, mori toewin tjita-tjita wonten satjelaking peken Wedi. Kénging dipoenwastani djember polatanipoen, damang ing pamawas ngertos kabetahaning para soedagar ing ngrikoe, déné A.D. W. ndasaraken gramèn bangsa badé, djer sad, ing Wedi katah ingkang sami bebakoelan bangsaning kelingan oetawi palèn. Para nènèman ratjak sadaja sami dados toekang mesin prasasat saben grija temtoe pinanggih wonten mesinipoen, jèn kaklempakaken ing sakoekoeban Wedi boten kirang 800 idji.

Atoer koela dateng pangrèhing A. D.W. dèn prajitna lan waspada kanti boedi tawekal, sampoen ngantos coöperatie, ingkang mentas lair menggahing tetoewoehan makaten, nembé mletèk saking tjangkok, wiwit semi ngedalaken troeboes rijo-rijo, ladjeng kaparag ing ama, ndjalari aloem oetawi poentesing poepoes ingkang wiwit megar.

Prijantoen, sesakit moeksibat, pèsing pakempalan ingkang nama „djelèhan” kedah kita injectie, ladjeng kalaroeng ing telenging samodra kadjengipoen sirna. Watak soengkan, boten krekak, soetik ing damel, mèrèn, tjlingoes kedah kabesèp saking angga kita. Kita sampoen dipoenetjap ing bangsa sanès, jèn boten roekoen. Inggih poenika mangga sami andorakaken tjetjirèn poenika srana tindak roekoen, panggha roekoen!

Koela toemoet mangajoe bagja lairing bagoes A. D. W. poenika, manah roemaos kandel sanadjan njarengi mangsa malèsèt poenika ingkang damel giris mirising tjang saindenging bawana, lan moemoedji sageda A.D.W. sempoloer lan widada, moerakabi ing ngakatah andjalarana mewahi koentjaraning bangsa toewin tanah woetah rah kita noeswa Djawi.

Atoer taklim koela

A. K. D.

— V A R I A . —

SERAT KINTOENAN.

Sambet rembag R. K. D. B. contra Dahana. Kados sampoen wongsalwangsoel jèn djoeroe kemoedining R. K. D. B. ing Betawi poenika tja-

rijos makaten: „Ppadon ana ing koran ja mangsa bodoa, djandji adja nganggo dedasar R. K. D. B.”

Nanging sareng koela maos tamam Sw. Tm. no. 48 woelan November 1931, koela radi mak pleng-gong saja malih sareng ing ngandap wonten seratan ingkang moengel: toekang sempriting R. K. D. B. ing rikoe koela tebah-tebah dada sarwi goemoen déné wonten tindak ingkang anèh makaten. Ing nginggil koela sampoen matoer bilih sikeping djoeroe kemoedi waoe sampoen ngantos pakempalanipoen kanggé adjang oetawi kanggé patjitan djagongan, nanging teka ladjeng toekangipoen semprit mlentjèng sanget. Poenika poenapa toekang semprit waoe mila saèstoe poenapa palseoe koela boten saged soemerep.

Inggih koela goemoeni poenika namoeng tradjangipoen sadèrèk Goejoeb waoe, poenika poenapa nganggé tradjanging R. K. D. B. poenapa tradjanging joernalis?

Jèn sadèrèk Goejoeb mila nganggé tradjanging R.K.D.B. temtoe boten makaten tindakipoen. Toekang semprit R. K. D. B. sampoen mangertos lan soemerep ing poendi dodok sèlèhipoen Dahana; la kenging poenapa jèn sadèrèk waoe mila netepi koewadjanipoen ngroekoenaken, boten poeroen ndatengi ing grijanipoen? Teka malah kabèbèr wonten ing koran poenika maksoedipoen kados poendi, la rak inggih ladjeng kapireng doemoegi poendi-poendi makaten poenika.

Lan malih sadèrèk Goejoeb ngadjak mitranipoen R. K. D. B. sadaja soepados njembahjangna Dahana soepados wangsoel malih kados ing doek ngoeni. Sadèrèng lan sasampoenipoen Dahana matoer noewoen! Jèn sadèrèk Goejoeb netepi koewadjanipoen anggènipoen dados toekang semprit, koela atoeri ndatengi ing grijanipoen Dahana ingkang saweg salin salaga waoe. Makaten waoe jèn tradjangipoen R. K. D. B. badé ngroekoenaken sadèrèk Katholiek djawi saha malih jèn sadèrèk Goejoeb waoe netepi anggènipoen dados toekang semprit.

Sadèrèk Goejoeb tjarijos: „Jèn R. K. D. B. saèstoe boten barès lampahipoen, rak inggih Dahana pijambak ta ingkang wirang.”

Temboengan boten barès lampahipoen poenika tegesipoen njata-wadi. La poenika Dahana wonten ing S. K. No. 30 tjarijos jèn R. K. D. B. boten barès lampahipoen? Tjodi sadèrèk Goejoeb koela atoeri maos malih. Jèn boten lepat Dahana wonten S.K. No. 30 tjarijos: tidak bèrès keadaannja. „Barès” kalijan „bèrès” poenika kados boten sami. Pramila sadèrèk Goejoeb koela atoeri ngatos-atos anggènipoen dados toekang semprit. Déné jèn tradjangipoen sadèrèk Goejoeb poenika niroe tradjangipoen para joernalis temtoe inggih boten makaten tindakipoen. Poenapa tradjangipoen para joernalis inggih nedah-nedahaken panggènan makaten poenika?

Inggih poenika jèn sadèrèk Goejoeb kapéngin sanget wangsoelipoen Dahana dateng R. K. D. B. koela atoeri ngemoeti toedjoenipoen R. K. D. B. lan ngemoetana anggènipoen dados toekang semprit.

Sadèrèk Goejoeb kapéngin wangsoelipoen Dahana, nanging prasasat saben dinten Dahana ketamoean djoeroe kemoedining pakempalan waoe, mangka kok boten wonten raos poenapa-poenapa.

Sampoen sadèrèk samanten kémawon, jèn sadèrèk R. K. D. Bèrs kapéngin wangsoelipoen Dahana inggih koela atoeri nganggé tradjangipoen R. K. D. B.

Dahana.

Noot. Prakawis poenika moegi katjontelenta samanten kémawon! R e d.

WAWASAN BOEKOE.

J. J. C. Starckenbrug — UIT ONZE OMGEVING VI — J. B. Wolters Batavia C. Gang Scott 5; Groningen; Den Haag. — f. 0,75.

Boekoe waosan kaseboet poenika kanggé sekolahan Katoelik Wlandi (gagrag Wlandi), klas tengah-tengahan. Basa lan isinipoen laras kalijan pangangen-anipoen laré, nanging isinipoen radi angèl dipoenjandak ing laré ngriki. Awit poenika boten nama „Uit onze omgeving”. Éwasamanten margi basanipoen loewes, lan soeka oengak-oengakan sakedik ing gesangipoen tjang (brajat) Katoelik ing ngriki, boekoe poenika kanggé ngriki inggih wonten paédahipoen. Toewan C. Jetses oeroen gambar katah sanget toer saé, ingkang mesti damel senenging laré ingkang maos. Déné bab pangetjapipoen boten soesah dipoensoekani wawasan: ing bab poenika J. B. Wolters sampoen kondang saé!

Para lengganan ingkang taksih noenggak, dipoenatoeri énggal ngloenasana! Sadèrèng lan sasampoenipoen matoer noewoen.

Administrasi Sw. Tm.

Saweg anoe, wajah anoe, koela angsal andep-andepan koran Wlandi, wedalan saking negari Wlandi. Teras!

Sanalika pandangan koela toemémplok wonten ing rubriek:

„Ned. Oost-Indië.”

Sanalika poenika oegi koela kraos kepéngin neroesaken maos.

Lan koela kok inggih teroes maos.

Lan soeraosipoen, tjekak:

Obah-obahan nasionalisme, njenjet. Nanging kang ngoelat-oelati ora prajoga jèn bandjoer disoewak.

Koela mak tjlegoek, kanti dèhèm!

\* \* \*

Dados makaten anggènipoen mastani nasionalisme poenika! Nasionalisme ikoe toekang gawé roeroesoeh! toekang gawé onar-onaran! toekang ontran-ontran! Awit rak inggih kados makaten ta soeraosipoen oengel-oengelan ing nginggil waoe!

Inggih poenika koela mrotest, mrotest sakijat-kijat koela:

Nasionalisme sadjatos boten kados makaten!

Nasionalisme sadjatos d é d é toekang damel resesah!

Nasionalisme sadjatos d é d é toekang damel onar, d é d é toekang damel ontran-ontran!

Djer nasionalisme sadjatos poenika:

tresna dateng bangsa sadjatos, liripoen:

ngoedi, soepados bangsanipoen saged soeboer loehoer; lan soeber loehoeripoen poenika boten tjara éntan-éntan koela oetawi ndika, nanging mitoeroet gajenging kodrat mitoeroet karsanipoen ingkang mrenata kodrat. Dados kasoeboeran lan kaloehoeran objectief, boten subjectief.

Margi nasionalisme poenika kedah ngoewod gajenging kodrat, amila ing tindak kekah mawoeti dateng bangsa sanès. Awit: „Vae solii!” — „Bilahi bangsa kang ngidjèl!”

Lan malih, sarèhné nasionalisme poenika ateges tresna sadjatos, mi-

OERAP-SARI.

INDONESIA.

Kursus Sekar.

Ing salebetipoen woelan November poenika sad. Katholiek Soerakarta sami ngwontenaken kursus sekar katoentoen sad. Martasoedirdja ingkang mentas loeloes examenipoen wonten ing kursus sekar Mardigoena. Toedjoening kursus waoe njinaoe sekar ageng, tengahan lan matjapat kawewahan dolanan kanggé laré alit-alit. Koela namoeng ndèrèk memoedji sageda kursus poenika widada ing saladjengipoen kanggé adjenging kagoenan Djawi.

Congregatie wanita.

Congregatie wanita ing Soerakarta sapoenika sampoen kalampahan madeg. Woelan ngadjeng kawiwitan wonten ing Grédja minangka voorbereiding opdracht (arak-arakan) béndjing tg. 25 Maart taoen ngadjeng poenika. Inggih ngasta Directoeripoen padoeka Rama J. Schots, Prefectenipoen Mevr. Hardjasoebra-ta.

Combinatie vergadering.

Kala Ngahad tg. 29 November kapengker poenika komitè ada-adanipoen pangrèh P.P. I.I. lan P.P. P. P. A. afd. Soerakarta ngwontenaken Combinatie vergadering manggèng ing Soos Habipraja. Wakil pakempalan sanès wonten 28.

Djam 9 parepatan kawiwitan. Pangarsa Mevr. Koeban, ladjeng nggijaraken toedjoenipoen papanggihan poenika, inggih poenika tjalon madegipoen sub-comitè K.P. K. P. (Komite Penolong Kaodem Pengobeng). Sad. Soeradiji wakil Hoofd-comitè K. P. K. P. Madioen nerangaken toedjoenipoen Hoofd-comitè. Wontenipoen protest-protest ing poendi-poendi panggènan poenika boten wonten gibanipoen. Inggih perloe inggih poenika kados-poendi réka-dajanipoen mitoeloengi kaodem pengobèng waoe. Hoofd-comitè nggilih perloe wontenipoen pembatikan ing Lasem. Makaten oegi wontenipoen vakorganisasi kanggé kaodem berah èstri lan informatie-bureau. Ing Lasem perloe oegi dipoenwonteni pakempalan politiek lan sosial, awit kawontenan kados makaten poenika sagedipoen saé mbetahaken sanget dateng pitoeloenganipoen pakempalan politiek. Dados awoning kawontenan poenika boten namoeng margi risaking economipoen nanging oegi saking agenging pambantoe, kados ingkang kasebat ing verslagipoen Tw. De Kat Angelino.

CORRESPONDENTIE:

Abn. 31 ing Ambarawa. Sampoen toetjog. Noewoen! C. Oentoeng, Poerwokerto. Adres lami kados - poendi?

Administrasi.

Para mandjoerenging karangan, kita matoer noewoen. Jèn dèrèng medal sapoenika sampoen dados panggalih. Jèn tanpa alangan badé medal béndjing malih.

Reclaksi.

lanipoen boten badé poeroen nindakaken roda pari peksa manawi dèrèng kapeksa sajektos lan tita saèstoe. Margi ngertos, bilih tindak kados makaten poenika — kanggé koela lan ndika bokmanawi boten, malah bokmanawi ngangsalaken kaloehoeran; nanging — kanggé rakjat mitoenani ageng!

Amila, jèn nasionalisme sadjatos dipoenjtjirèni toekang gawé roeroesoeh, toekang iki, toekang kaé, tjekak; toekang gawé ora ilok; sapisan engkas, koela mrotest!

\* \* \*

„Njenjet!”

Ébah-ébah nasionalisme poenapa ingkang njenjet poenika?

Ébah-ébah ingkang ateges brontakan lsp.? — Soit!

Ébah-ébah nasionalisme ingkang medal saking katresnan sedjatos? — Mastani njenjet, poenika tanda dèrèng ngoengak djagad Indonésia!

Djer, mangga kagalihal!

Saking adrengipoen badé manoenggilaken sadaja golongan ingkang manggèn ing Indonésia ngriki, wonten ingkang nindakaken aksi kanggé ambangoen Indonésia kaemperaken kalijan grija jatin, ingkang laré-larénipoen sami kembaran sadaja, sandangan ipoen sami sadaja. La poenika aksinipoen „pakaian Indonésia.”

Wonten malih ingkang saking adrengipoen manoenggilaken ladjeng gadah oesoel, soepados sadaja Indonésia samia toenggiling ing samoekawis; kesoepeñ jèn manoenggilaken kados makaten poenika ing djaman sapoenika, manawi boten mokal, inggih apes angèl sanget sagedipoen kalampahan.

Koela ing ngriki boten badé nedahaken oedreg-oedreganipoen para parté-parté, ingkang sadjatosipoen radi nglingsemaken.

Tjonto-tjonto kaseboet, sanadjana ébah-ébah ingkang kirang perloe, oetawi kirang prajogi nanging nandakaken:

Ébah-ébah nasionalisme boten njenjet!

Soewantening wakil-wakil pakempalan sanès ingkang pantes katjaget inggih poenika:

- 1. Sarékat Noeswantara.
2. Wosipoen soepados moreelipoen lan gesangipoen kaodem pengobèng poenika kaedjaja saénipoen.
3. I. M.
4. Neda soepados K. P. K. P. mitoeloengi kaodem pengobèng lan anak-anakipoen medal margi onderwijs.
5. P. G. B.
6. Neda soepados kawontenan ing Lasem poenika dipenbrantas srana rembag kalijan madjikan oetawi Kangdjeng Boepati moerih nggatosaken prakawis poenika.
7. Sad. Darmasoegita ladjeng ngandaraken verslag protest ing Lasem ing satjeta-tje-anipoen. Ing ngriki boten perloe koela atoeraken malih, margi sampoen katah seratserat kabah ingkang ngemot bab poenika.
8. Rèhning wekdalipoen boten njekapi, parepatan poenika dèrèng saged ngrembag lan moetoesi poenapa-poenapa. Sub-comitè K. P. K. P. inggih dèrèng saged kaedgaken. Voorzitter njoewoen soepados poetoesan-poetoesan saking pakempalan sadaja ingkang ngntoeraken wakil tg. 10 Dec. 31 sasampoen katampi comitè.
Djamboe merah.

Kabar Wates.

St. martosaken: titimangsa poenika Wates oegi sampoen dipoenwonteni tjabaah P.P. K. D. lidipoen sadaja saweg wonten. Para goeroe Missie oegi sampoen nggadahi spaarclub. Dèrèng nama ageng, nanging sampoen loemajan. Para moerid Standaardschool klas nginggil sami gondon roekon sesadéjan (Coöperatie), arta oeroenan saweg angsal f 8.— Inggih kasadé kabetahanipoen moerid. Prakawis Coöperatie kanggé goeroe-goeroe poenapa déné debatingsclub, namoeng nrimah anggamblok dateng prijantoen ndjara

Saking tjepoeri College Moentilan.

Fb. Tok. Soeka pawartos: Kala tg. 26 Nov. ing Xaverius-College ing Moentilan sampoen kelampahan, tepenanipoen Rama Rector énggal, i. p. pandjenenganipoen Rama Jos. Gitsels. Malem 26 Nov. dipoenwontenaken receptie ageng-agengan: moerid-moerid H. I. K. lan N. S. sami andèr pepak. Kalih-kalih sami saos pangajoe-bagja nginggalaken kaprigelanipoen: K. ngongasaken kasagedanipoen: kest; N.S. ngepjakaken beksan, Kan, kalihipoen maremaken! (26 Nov.) pisan ramé-ramé. Mesti kémawon ingkang roemijin: Rama Rector énggal njaosaken koerban Mis ageng. Dinten poenika para Siswa ing College boten koetjawa anggènipoen sami bingah-bingah.

# Receipt<sup>2</sup>

ER  
R  
C  
E  
E

APOTHEKEN

## Rathkamp & Co

MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.

AGENT BOEAT SELOEROEH DJOKJAKARTA.

Speda-speda merk:

SIMPLEX Cycloide, S. koening, S. poetih dan SIMPLEX TRANSFER. HIMA: Wassenaer, Rondrit, Oranje dan Woestduin. TOURIST: AA dan A.

Ada sedia djoega speda merk:

RAY — SWIFT — GRUNO — HUMBER — VIALLE — BURGERS E.N.R. — KROON — NATIONAL — BERGKONING. Apalagi sedia djoega speda jang sedikit harganja, moelai f 55.—, f 65.—, f 75.— dengan perkakasnja: klinting, pompa, lentera, dan tasch berisi perkakas koentji dan tempat minjak. Baroe terima per S. S. SLAMET dan JOH. DE WITT speda merk: ROVER Iperial, Continental, The Rover dan Metallicus. Ada sedia djoega: Djas hoedjan, Kopper, Lentera Stormking, Almari besi dan tjat wenter.

PENDJOEALAN A CONTANT ATAU BOLEH DI ANGSOER. Kalau maoe minta keterangan, akan dikirimi keterangan dengan pertjoema.

Mengharap pesenan:

Rijwielhandel, Reparatie - inrichting dan Smederij: WIRJOSOESANA  
LODJI KETJIL 16 DJOKJAKARTA TELF. No. 13.

### A WAS! A WAS!!

Regu mirah ing ngandap poenika:  
Loodmenie, moerni tanpa ketjampoeran poenapa-poenapa, kantoen ngoesarakén kémawon:

Netto	10	5	2 1/2	1	1/2	kilo.
sa-blèg	6,—	3,20	1,75	0,75	0,40	roepijah.

Ijzermenie 85% ijzeroxidje

Netto	10	5	2 1/2	1	1/2	kilo.
sa-blèg	5,—	2,70	1,50	0,65	0,35	roepijah.

Verffabriek R. B. FRIELING Djokja.

:-: HOEKHUIS GONDHOMANAN — SAJIDAN :-:

### TOKO DJOEN & CO.

TELEF. No. 374.

PATJINAN moeka Toko Fuji DJOKJA.

Amrih soekaning para lengganan, wiwit sapoenika kita ngwontenaken persénan. Saben kantong boeboek saking Djoen wonten **COUPON MAWI REGI.**

Srana nglempakaken kantong dalasan couponipoen, para lengganan badé angsal pépénginanipoen.

Mangga énggal njobi moendel!

Kita sedija:

JAVA KOFFIE No. 1	sa-pond	f 1.—
ROBUSTA " " 1	" "	" 0,80
" " " 2	" "	" 0,70

Tanggal tanpa tjampoeran. Jèn badé njatakaken sadèrèngipoen kopi mlebet ing gilingan, kénging.

Atoer hoeremat,

Toko Djoen & Co.

### Kas negari.

Kekiranganipoen kas negari kabariipoen badé dipoendjogi saking Nederland.

### Pangiridan ing Onderwijs.

Tjjang sepoehipoen moerid tjalonipoen kedah tjoetjoel wragad pijambak kanggé toemba pirantosing sekolah anakipoen.

### Arta palseo.

Bab arta palseo kok tansah wonten kémawon ingkang konangan, manoe "Ind. Crt.". Élokipoen: 1) arta palseo tansah namoeng ringgit lan kertas dasanan. 2) doemoegi sapriki ngetingalipoen namoeng wonten ing kita-kita ageng lan ing satjelakipoen ngrikoe. Lan wonten tjjang Tionghoa kalih ingkang toeroen saking Tionghok noempak baita "Tjisondari" lan "Tjisedane", sami dipoen-tjeping margi ambekta arta kertas dasanan palseo. Dados arta palseo waoe dipoenlebetaken saking mantja? Boten mokal!

Ringgit palseo waoe penjamoenipoen aloes sanget: tintanganipoen saé; ghaltenipoen slaka mèh sami kalijan ingkang toelen, malah wonten ingkang ngoengkoeli. Namoen oengel -oengelanipoen "God zy met ons", ingkang wonten ing ngiringan poenika, kirang radjin. Inggih poenika titikanipoen.

### MANTJA NAGARI.

#### Ngoengak kalangan boewana.

Ingkang roemijin: prakawis Mantsjoerij!

Sinten ingkang maos tilgram<sup>2</sup> minggoe kapengker, ingkang ngabaraken rerembaganipoen Volkenbondraad kalijan Djepang lan Tionghok, amrih bibaring pasaelajan, masti éram dateng kasabaranipoen para diplomaat (pria-pradja). Volkenbond damel oesoel; Tionghok ngantoei, nanging Djepang gèbès. Oetawi ingkang gèbès Tionghok, lan ingkang ngantoei Djepang Oetawi malih ingkang gèbès kalih-kalihipoen: Tionghok neda mekaten; Djepang neda makaten. Ing woosana begdjanipoen wonten ing Paris (papanipoen Volkenbondraad kanggé sapoenika) manoe Aneta -Reuter 1 Dés. kok sampoen saged nampi rantjangan resolutie, ingkang boten dipoenemohi déning wawakil Djepang oetawi Tionghok. Resolutie poenika badé dipoenladosaken dateng regeering Djepang lan Tionghok. Kadadosanipoen dipoenostosi roemijin! — Nanging salebetipoen ing Paris rembagan kanti tlatos, ing Mantsjoerij pijambak prasasat sampoen perang jektos. Groedoe, wadya bala Tionghoa samanten dipoenangkaken dateng kita poenika. Wadya bala Djepang nimbang. Malah angsal djog-djogan sakedamelipoen. Oepami namoeng groedag-groedoe makaten kémawon, boten dados poenapa. Nanging sareng mawi drèl-drèlan poenapa! Kita Tientsin pérangan Tionghoa dipoenkroetoeg mimis ing wadya bala Djepang. Kita Tsitsihar kanggé djog-djog. Ingkang poenika boten anggemoenaken, jèn wonten golongan Tionghoa la-djeng gregeten, langkoeng-langkoeng ingkang dèrèng djembar polatanipoen. Jektos: student-student ing Peking kala 1 Désèmber sami mogok; endjingipoen badé sowan dateng Nanking perloe njoeuwen dateng regeering, soepados anggènipoen andiabel tlatah-tlatah ingkang sampoen dipoenbroki ing mengsah, mawia "tangan besi." Nanging sadèrèngipoen kalampanan sowan, regeering Nanking nilgram dateng Peking, soepados student-student waoe katjandeta wonten ing ngrika kémawon. Regeering Nanking premanen sanget! Awit sowanipoen para student waoe boten sandé namoeng badé ngindakaken roeweting prakawis, ngindakaken gègèran. Manoe "Havas" saking Riga tg. 1 Dés. Tionghok kabariipoen neda bantoe dateng Soviet, nanging dipoenwangsoeli, jèn Soviet namoeng badé netepi kanètralanipoen. Nanging wangsoelan poenika poenapa toeroes ing batos? Kilap! Djer Soviet poenika rak karem ngoeblek-oeblek tal!

Ing Europa sapoenika wiwit wonten perang, nanging boten sarana oentjal-oentjalan mimis! Ingkang

M. v. BIENE.

Toekang herlodji dan Toekang emas.

Adres jang moerah

DJOKJA BANDOENG  
Telf. 252 Telf. 226

boeat LONTJENG, HERLODJI dan PERKAKAS EMAS.

Pembatja  
SWARA TAMA.

dengan bawa lembaran Swara Tama dapat POTONGAN.

Sampoén kasedijakaken Papan pondokan kanggé laré èstri ingkang sekolah.

Sinaoenipoen dipoenelat-oelataken sarta dipoenentoentoen.

Wragad mondok lan neda: f 15.—

HARDJADININGRAT.

GOENOENG-KETOER, PAKOELAMAN, NGAJOGJAKARTA.

— N.S. sapoenika sampoén angsal dirèktoer énggal i.p. pandjenenganipoen Rama de Keuyper. Ingkang soewaoe pandjenenganipoen wonten ing Ambarawa.

Moegi Rama Rector énggal toewin Rama Dirèktoer énggal djina-wahana barkah saking Hjang Loehoer!

### POERWARDJA:

Soedan paos pekarangan.

Kados ingkang sampoén naté kawartosaen wonten Sw.-Tm. ngriki bab sesakit oele ingkang nradjang wit klapa, Negari sampoén paring soedan paos ingkang sami katradjang waoe 20%. Dados ingkang paranganipoen paosan f 3,— ing salebetipoen 3 taoen namoeng mbajar f 1,50 — radi loemajan.

### Protès vergadering.

Nalika ddo 22/11-'31 wonten gedong bioskoop P. G. H. B. afd. Poerwardja inggih ngawontenaken openbare vergadering kanggé ngetingalaken boten tjoetjogipoen dateng "pangiridan ing onderwijs" ladjeng damel motie asoeraos boten notjogi. Ingkang ndatengi ± tjjang 300.

—Kantjil radi goemoen, déné oegi wonten spreker 2 a 3 ingkang anélakaken, tjoetjog dateng kersaning regeering adadasar "doemèh dewèkè ora bakal bisa njekolahaké anaké ana ing H.I.S." hem tik radi loetjoe poenika, poenapa namoeng waton: djoel soeara?

### Ambtenaar Poetri.

Margi wontenipoen pangiridan doemateng ambtenaar wanita ingkang sampoén émah-émah mangké gèk ladjeng wonten raos:

- a. ajo pegatan baé, ning . . . . .
- b. akoe emoh idjib kang, moendak . . . . .

Memelas! Ning koela pitados, jèn paréntah mesti badé ngalang-alangi bab poenika!

### B. B. (ka - irid).

Tjalonipoen kabar badé katah, onderstrik ingkang badé kasoewak, oetawi distrik dados onder.

—Wah, iba badé katah ipoen "eri-sisir eri-sisir" ingkang patjeng troendjep, mangké gèk namoeng oeger noebles.

### Kabangsan.

Raos "Kabangsan" saja kandel, ning anèh ipoen kok namoeng patjeng klinter ing kita-kita kémawon, poenapa ing doesoen-doesoen an redi-redi boten katoet karembag lan kagapé?

### Hoestdrank—Boorwater.

Saking kirang titi, boorwater kakinten hoestdrank, glengngeng Margi kirangjeng pangertos, kados-poendi dajanipoen boorwater, sakala moenek-moenek, loentak-loentak. O, pantjèn, oewas — tiwas.

### Sadèrèk R.K. Poerwardja.

Sampoén wiwit goemrégh malih, sami ndanakaken salira moelang wonten: cursus partikelir tjara Landi.

—Saarfonds "Harta Tama" wiwit soeboer. K.D. wiwit goemrégh, mangga! Sawanita, mangga kersaa toemandang, sampoen ngawé-awé.

taklim Kantjil:

### Kabar Irrigatie, kilèn Merapi.

Gegaiotan kalijan kawontenanipoen lèpèn Blongkèng dist. Moentilan, kalijan Batang dist. Salam (Para maos rak inggih taksih émoet dateng bandjiran Merapi ingkang nradjang lèpèn 2 poenika!) toja Irrigatie ragi katengenaken.

Toja Irrigatie ingkang kanggé ing bawah Sawangan, oegi kapendetaken saking lèpèn Blongkèng, saja kasantosaken. Roemijin tambakng dawoehan namoeng woedjoed goelingan isi séla, balik samangké mawi pandemèn; toer gèk saking semèn blawoe. Dalasan kalènipoen pisan, ingkang agak kirang prajogi inggih dipoenpredi sanget; ngantos ilining toja samangké sanget saé.

Ingkang poenika tamtoe kémawon damel senenging kaeom tani bawah Sawangan ngrikoe.

Ingkang Sroemboeng sak Salam inggih sam-

poen wiwit dipoen-garap, menggah wontening Irrigatie waoe, nanging panggararipoen kados boten kados ing Sawangan, ingkang kasebat ing nginggil waoe. Toer papaning dawoehan kok ragi pengandapan, dados sabin ing sanginggil dawoehan: kados déné kaloerahan Banjoeadem, Kradènan ingkang sami ngentang-entang boten saged angsal toja, sanadjan wonten Irrigatie, inggih taksih lestantoen boten kénging kataneman pantoen.

Ing doesoen Banjoetemoempang Onder Sawangan distrik Moentilan, wonten oemboelipoen; menggah tojaning oemboel waoe sampoén ragi kasoewoer ageng lan adjeg. (katjaga lan rendeng tansah sami)!

Saweg ketiga kapengker poenika agenging toja mitoroet tjarijosiipoen mandor Irrigatie ing Banjoetemoempang ngrikoe saged njekapi sabin 30 baec.

Ingkang poenika wekdal samangké oemboel waoe badé kalèkaken dateng Moentilan lan Blabag mawi kaplèmpem, woelan November poenika sampoén wiwit kagarap. (poen Sapèlé:)

### Persbureau "Keloet" koekoet.

Persbureau "Keloet" ing Tjaroeban ingkang dipoenpimpin bangsa Tiong Hoa toean Hiem Wie Sien, margi boten saged angsal peban-toe njekapi, oetawi boten saged angsal pandjoeroeng pekabaran adjeg. Persbureau kabesab nginggil kapeksa anggoeloeng lampit.

### Polykliniek Tjaroeban.

Sampoén wonten 8 taoenan publik ing Tjaroeban sami ada-ada andamel Polykliniek, srana ngawontenaken bidjrage saking ledèn ingkang katabipoen boten temtoe, wonten ingkang mbajar f 0,20 f 0,25 oetawi langkoeng, saking s.f. Redjaagoeng tampi f 25. Arta bidjrage waoe kanggé mbajar Dr. f 100, verpleger f 30, mandor f 12,50 saha séwan grija P.K. toewin wragad medisin (obat-obat).

Émanipoen P.K. waoe boten saged gesang lestantoen, namoeng 6 woelan ladjeng katoetoe. Let 6 woelan, P.K. vereeniging kaprasahaken dateng Gouvernements mawi pradjandjian bilih vereeniging sagra nedjiani grija P.K. + meubels, grija Mantri-verpleger, vroedvrouw saha kebon. Bidjrage saking ledèn lestantoen P.K. Tjaroeban sabèn dinten Selasa karawoehan Dr. saking Ngawi perloe nambahi medicijne saha maringi Neosalvarsan, ngantos toemoegi sapriki saged toemindak saé. Éwasamanten vereeniging Tjaroeban roemao marem, katjeta ladjeng tepang rembag dateng Dr. particulier ing Madioen. Prakawis poenika adamel tjingaking ngakatah, awit rawoehipoen Dr. H. M. Wins (Dr. particulier) ladjeng sabèn dinten Djoemabat tanpa dipoenmoemaken roemijin dateng para warga, nanging namoeng kapoetoes ing bestuur tetiga, inggih poenika sdr. Schoolopziener sdr. Commies pensioenan saha sad. Tiong Hoa, kados prakawis poenika boten namoeng andamel tjingaking ngakatah nanging oegi pandjenenganipoen Dr. R. Soerata (Ngawi) saha G.G.A. (Gouvernements Gewestelijk Arts) ing Madioen. Boten maiben bilih pandjenenganipoen G.G.A. sareng mireng prakawis waoe ladjeng rawoeh ing Tjaroeban perloe manggih Bestuur P.K. ngandika manawi kedjot ing pangoelih, déné Dr. A. M. Wins saha Bestuur P.K. boten poeroen soeka chabar langkoeng roemijin. Pakempalanipoen G.G.A. saha Bestuur P.K. rembagan katab-katab menggah poetoesanipoen padoeka G.G.A. ladjeng badé tjaoes atoe roemijito dateng Inspecteur D.V.G. ing Soerabaja mangké kadadosanipoen kados poendi, namoeng pandjenenganipoen Toean Inspecteur ingkang badé ngadili, namoeng kémawon P.K.G.G.A. kagoengan panginten bilih subsidie P.K. saged oegi katjaboet.

Prakawis poetoesanipoen bédjjang badé kapatjak malih.

noewoen Blawong.

### Hak tanah kanggé Indo-Europeaan.

Partai-Indonesia wonten ing parepatanipoen ing Djakarta kala Ngahad kapengker damel motie anti niekani hak tanah dateng Indo-Europeaan. Parepatan waoe dipoen-datengi tjjang katah sanget.